



### **St. Vincent's Health System Inc.**

St. Luke's-St. Vincent's HealthCare, Inc. k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's Southside;

St. Vincent's Medical Center, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's Riverside;  
St. Vincent's Medical Center-Clay County, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's Clay County

St. Vincent's Health System, Inc. k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's St. Johns County. Dènye Modifikasyon:  
01/07/2024

### **Rezime Politik Èd Finansye**

St. Vincent's Health System Inc., an patikilye ministè sante ki endike anwo a, pran angajman pou respekte diyite chak moun, pou yo bay yon atansyon patikilye ak moun ki ap fè fas ak obstak pou jwenn sèvis sante yo. St. Vincent's Health System Inc. pran angajman tou pou jere resous swen sante li yo tankou yon sèvis pou tout nan kominate a. Pou vanse ak prensip sa yo, St. Vincent's Health System Inc., bay èd finansye pou sèten moun ki resevwa swen ijan oswa swen ki nesesè pou rezon medikal nan men St. Vincent's Health System Inc. Rezime sa a bay yon apèsi tou kout sou Politik Èd Finansye St. Vincent's Health System Inc. nan.

#### **Kiyès ki Elijib?**

Ou kapab jwenn èd finansye si ou abite nan Kominote a jan sa defini nan (5) konte yo nan Nòdès Florida, tankou: Baker, Clay, Duval, Nassau, St. Johns avek (10) pays nan ki nan Sidès Georgia ki gen ladan li: Appling, Bacon, Brantley, Camden, Charlton, Coffee, Glynn, Pierce, Ware and Wayne. Èd finansye pi souvan detèmine revni total kay ou an parapò ak nivo povrete federal la. Si revni ou a anba oswa egal a 250% nan nivo povrete federal la, ou ka resevwa yon dediksyon 100% pou swen charite nan pati depans ou responsab la. Si revni ou an pi wo pase 250% nan nivo povrete federal la men li pa depase 400% nan nivo povrete federal la, ou ka benefisyè rabè sou yon echèl gradyèl. Si ou gen yon dèt medikal pou swen ijans ak swen medikal nesesè ki depase revni ou, ou ka benefisyè yon rabè. Si lajan ou depase 250% revni ou nan nivo povrete federal la ou ka pa kalifye pou èd finansye. Pasyan ki kalifye pou finansye a aplike pou swen ijans ak lòt swen medikal nesesè. finansye yo pa pral oblige peye plis pou swen yo otorize yo pase depans abityèl yo mande pasyan ki pa gen asirans yo.

#### **Ki Sèvis Ki kouvri yo?**

Politik Èd finansye a aplike pou swen ijans ak lòt swen medikal nesesè. Tèm sa yo defini nan Politik Èd Finansye a. Politik Èd Finansye a pa kouvri tout lòt swen yo.

#### **Kijan Mwen Ka Aplike?**

Pou aplike pou èd finansye a, ou dwe ranpli nòmalman yon demann alekri epi bay dokiman sipò, menm jan sa dekri nan Politik Èd Finansye a ak aplikasyon pou Politik Èd Finansye a.

#### **Kijan pou Mwen Jwenn Èd ak yon Demann?**

Pou jwen èd ak demann pou politik èd finansye, ou ka kontakte pwogram HOPE, 1 Shircliff Way, Jacksonville, FL 32204 at (904) 308-7381.

**Kijan Mwen Ka Jwenn Plis Enfòmasyon?**

Kopi fòm demann pou politik Èd Finansye ak politik Èd Finansye a disponib nan adrès sa [ahhttps://healthcare. ascension.org/Financial-Assistance/Florida](https://healthcare. ascension.org/Financial-Assistance/Florida) ak nan Admisyon Prensipal la nan:

Ascension St. Vincent's  
PO Box 932886  
Atlanta, Ga 31193

Ou ka jwenn kopi politik èd finansye a gratis ak demann pou politik èd finansye tou pa imèl rele nan Pwogram nan (904) 308-7381. Plis enfòmasyon sou politik Èd Finansye a disponib tou nan adrès sa athe Riverside Main Admitting, 1 Shircliff Way, Jacksonville FL 32204, or by telephone (904) 308-7381.

**Kisa K ap Pase Si Mwen Pa Kalifye?**

Si ou pa gen dwa ak èd finansye nan tèm politik èd finansye a, ou ka benefisyé lòt kalite èd. Pou plis enfòmasyon, tanprikontakte Pwogram HOPE nan (904) 308-7381.

**Tradiksyon politik èd finansye a, demann nan ak enstriksyon pou politik èd finansye a, ak rezime sa a nan langaj ki klè yo disponib nan lang sa yo sou sit entènèt nou yo ak sou demann:**

Panyòl  
Tagalog  
Ris  
Vyetnamyen  
Sèbo kwoasyen  
Arab  
Fransè  
Kreyòl  
Chinwa  
Pòtigè